# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–22 फरवरी 2025 भोजपुरी समाचार

प्रयागराज महाकुंभ में तेरह जनौरी से आजु ले पवित्र संगम में डुबकी लगावे वालन क संख्या साठि करोड़ के पार कइ गइल हौ। महाकुंभ दुइ हजार पचीस के अधिकारिक सोसल मीडिया प्लेटफारम के जरिये ई जनकारी दीहल गइल हौ।

ओहर, मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो लखीमपुर खीरी में सोरह सौ बाइस करोड़ रूपिया के तीनि सौ तिहत्तर विकास परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यास कइले के बाद आयोजित कार्यक्रम के सम्बोधित करत येह बाति क पुस्टि कइले हवें। अपने सम्बोधन में उहां के कहलीं कि आजु पूरा दुनिया प्रयागराज के महाकुंभ में भागीदार बने बदे उत्साहित हौ। ई महाकुंभ प्रदेस के सामर्थ्य के देस अउर दुनिया के सामने रक्खे वाला हौ। एकर लोहा पूरा दुनिया मानति हौ। आजु लखीमपुर खीरी में मुख्यमंत्री कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में प्रयागराज महाकुंभ दिव्य अउर भव्य तरीका से आगे बढ़ि रहल हौ।

***महाकुंभ में देश की आधी आबादी अब तक आस्था की पवित्र डुबकी लगा चुकी है। आज साठ करोड़ लोग यानि साठ करोड़ श्रद्धालु तेरह जनवरी से लेकर के आज बाइस फरवरी है, बाइस फरवरी के बीच साठ करोड़ श्रद्धालु महाकुंभ में आस्था की पवित्र डुबकी लगा चुका होगा। दुनिया के अंदर किसी आयोजन में इतनी बड़ी भागीदारी नहीं होती है।***

आजु महाकुंभ में केन्द्रीय स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण मंत्री जेपी नड्डा, प्रदेस के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आ तमिलनाडु क राज्यपाल आरएन रवि पवित्र संगम में नहा के महापरब के आध्यात्मिक ऊर्जा क अनुभव कइलें। नहइले के बाद राज्यपाल कहलें कि महाकुंभ खाली धारमिक आयोजने नाहीं बलुक भारत के आध्यात्मिक अउर सांस्कृतिक पुनर्जागरण क केन्द्र हौ।

येह बिच्चे, महाशिवरात्रि पर महाकुंभ में भारी भीड़ि क सम्भावना के देखत प्रयागराज के स्वरूप रानी नेहरू अस्पताल में गहन चिकित्सा इकाई–आईसीयू में बिस्तरन कै संख्या बढ़ा के एक सौ सैंतालीस कइ दिहल गइल हौ। एगो रिपोर्ट–

***एसआरएन अस्पताल में अब 147 आईसीयू बेड हैं। किसी भी आपातकालीन चिकित्सा स्थिति से निपटने में यह अस्पताल बेहद कारगर साबित होगा। इसमें ट्रॉमा केयर और वेंटिलेटर की सुविधा चौबीसों घंटे उपलब्ध है। ट्रॉमा केयर सेंटर में वेंटिलेटर, मॉनिटरिंग सिस्टम और आपातकालीन चिकित्सा दलों सहित अत्याधुनिक उपकरण उपलब्ध हैं। महाशिवरात्रि पर महाकुंभ में करोड़ों श्रद्धालुओं के आने की उम्मीद है। राज्य सरकार किसी भी आपातकालीन चिकित्सा स्थिति से निपटने के लिए आवश्यक तैयारी पूरी कर रही है। आदर्श के साथ अभिषेक कपिल, आकाशवाणी समाचार, प्रयागराज।***

उत्तर प्रदेश माध्यमिक शिक्षा परिषद खाली प्रयागराज जिला में चउबीस फरौरी के हाईस्कूल अउर इंटरमीडिएट कै परीक्षा स्थगित कइ दिहले हवे।

**********

भगवान बुद्ध क महापरिनिर्वाण स्थली कुशीनगर में बिहने आ चउबीस फरौरी के अन्तर्राष्ट्रीय थाई महोत्सव क आयोजन कइल जाई। कुशीनगर क थाई बुद्ध मोनास्ट्री क परभारी फ्रा सोमपांग ई जनकारी दिहलें। उहां के बतवलीं कि आयोजन में अलगि–अलगि गतिविधियन के साथे बौद्ध भिक्षु, भारत अउर थाईलैण्ड के खुसहाली अउर विकास आ विस्वसान्ती बदे प्रार्थनो करिहें।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने आकाशवाणी पर मन की बात मासिक रेडियो कार्यक्रम के एक सौ ओन्नइसवीं कड़ी में आपन बिचार साझा करिहें। एकर प्रसारण आकाशवाणी अउर दूरदर्शन के सज्जो नेटवर्क, आकाशवाणी समाचार वेबसाइट अउर न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल ऐपो पर कइल जाई। एकर लाइव स्ट्रीमिंगो आकाशवाणी समाचार, डीडी न्यूज, पीएमओ आ सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय के यूट्यूब चैनलो पर कइल जाई।

**********

बनारस जिला के कंपनी बाग उद्यान परिसर में आजु से दुइ दिन क मंडलीय शाक–भाजी अउर फूलन क परदरसनी सुरू भइल। एकर उद्घाटन प्रदेस सरकार क स्टाम्प अउर पंजीयन राज्य मंत्री रविंद्र जायसवाल कइलें। परदरसनी में दुइ सौ से बेसी फूल अउर सब्जियन क कलात्मक परदरसन कइल गइल।

**********

सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय कै केन्द्रीय संचार ब्यूरो के ओरि से आजु काशी–तमिल संगमम में चित्र परदरसनी क आयोजन कइल गइल। येह परदरसनी में कई गो विद्यालयनन क विद्यार्थी अउर दरसकन बदे पोस्टर पेंटिंग आ प्रस्नोत्तरी प्रतियोगिता क आयोजन कइल गइल। दुन्नो प्रतियोगिता के विजेता प्रतिभागियन के केन्द्रीय संचार ब्यूरो के बनारस क्षेत्रीय कार्यालय के ओरि से पुरस्कार दीहल गइल।

**********

सुंदरकांड पाठ के साथे आजु अम्बेडकरनगर महोत्सव क सुरूआति हो गइल। ई चउबीस फरौरी ले चली। येह मौका पर भइल पूजा–अर्चना में जिलाधिकारी अविनाश सिंह के सथहीं जिला भर क अधिकारी सामिल भइलें। विकास अउर विरासत थीमि पर आधारित येह महोत्सव में भोजपुरी अउर बॉलीवुड कलाकार आपन प्रस्तुति दीहें।

**********